Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого хур.

Инхоса ГIали-ХIажи



www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 6 (6942) 10 февраль 2025 с. Итни ШагIбан 1446 с. Багьа - эркенаб

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## Росабазул цебетIей

### Генпланал тасдикъ гьари, ракьал хIалтIизари, ток, лъим чIезаби

**Бакълъул районалъул администрациялда муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповасул нухмалъиялда гъоркь тIобитIана районалъул нухмалъулесул заместителал, депутатал, «Единая Россия» партиялъул вакилзаби, батIи-батIиял структурабазул вакилзаби гIахьаллъараб данделъи.**









Тадбиралда Игьали росдал Собраниялъул депутат МухIамад УхIумаевас поселениялъул генералияб план тасдикъ гьабиялъул, басралъараб трансформатор хисиялъул ва цогидал кIвар бугел суалал рорхана. Гьединго данделъараз халгьабуна сахлъи цIуниялъул ва лъай кьеялъул рахъалъ ругел масъалаби тIураялъул.

Араб анкьалъ Гъалипов гьединго дандчIвана МелъелтIа росдал жамагIатгун. Гьеб дандеруссиналда гIахьаллъана росдал бетIер МухIамад ГIабдунасиров, муниципалитеталъул бетIерасда цебе гIуцIараб жамгIияб идараялъул нухмалъулев Сайпудин АхIмадов, жамагIаталъул вакил ГIабдулмажид Амагаев, мелъелдерил имам ГIабдурашид ХIажиев ва цогидал.

Тадбиралда халгьабуна «БацIцIадаб лъим» программа нухдаинабиялъул, росулъ теннис хIазе шартIал чIезариялъул, нухал къачIаялъул ва цогидал суалазул. Дандеруссиналъул ахиралда МухIамад ГIабдунасировас баркала загьир гьабуна районалъул нухмалъулесе росу цебетIезе гьабулеб кумекалъухъ.

(Ахир -кIиабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



КIудияб Бергьенлъи босаралдаса 80 сон ин кIодо гьабиялъул бицана

- 2 гьум.



ХIосен Лабазановасул рахъалдасан – ракIалдещвеялъул сайгъат

- 2 гьум.



«Умумузул нухдасан» – Набигула АхIмадибировасул цIияб фильм

- 2- гьум.



Бакълъулазул тIалъиялъе – гьарадирил рахъалдасан баркала

-2- гьум.

**Масала, гIакъилас гIадан теларо,**
**Тушман вугониги, гIадада хвезе.**
Инхоса ГIали-ХIажи

№ 6 10 февраль 2025 с.

ЧIАХЪАГИ МАГIАРУЛАЛ

## ХIосен Лабазановасул рахъалдасан – ракIалдещвеялъул сайгъат

### Бергьенлъаби цIикIкIаги

**Бакълъул районалъул администрациялъул аппаратальул нухмалъулев ИсмагIил Салатгереевас муниципалитеталъул бетIерасухъе кьуна мугIрузулаб рекериялъул рахъалъ ветераназда гьоркьов Дагъистаналъул (2022 сон), Россиялъул чемпионасул (2023 сон), Россиялъул Кубокалъул ва Гран-приялъул бергьенлъи босарав МелъелтIаса ХIосен Лабазановасул ракIалдещвеялъул сайгъат.**



Районалъул нухмалъулес баркала загьир гьабуна Лабазановасе ва гьарана щулияб сахлъигун халатаб гIумру, хадубккунги спорталъул ва гIумрудулъ бергьенлъаби.

Зугъра ГIабдулкъадирова

## КIудияб Бергьенлъи босаралдаса 80 сон ин кIодо гьабиялъул бицана

### Анкьил хIасилал гьаруна

**Бакълъул районалъул нухмалъулесул заместитель ГIалихан ДавудхIажиевас анкьил хIасилал гьарураб данделъи тIобитIана. Гьенир гьединго гIахьаллъана муниципалитеталъул бетIерасул заместитель МухтарахIмад АхIмадов, федералиял, регионалиял ва бакIалъулал идарабазул вакилзаби ва цогидал.**



Тадбиралда халгьабуна КIудияб ВатIаниияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 80 сон иналъул хIурматалда цIалул идарабазда рагьарал дарсал, церелъеял, гургинал столал ва цогидал батIи-батIиял тадбирал тIоритIиялъул.

Гьединго бицана кьищникъулалъе контейнерал лъеялъул, финансовиял отчётал жиндир заманалда кьеялъул, захIматалъул гIадлу-низам чIезабиялъул. Тадбиралъул ахиралда рорхарал суалал тIуразе квербакъулел малъахъваялги гьаруна.

Макка МухIамадова

ГЬУНАР ТIОКIАЛ БАКЪЛЪУЛАЛ

## «Умумузул нухдасан» – Набигула АхIмадибировасул цIияб фильм

### Махщел камиллъаги

**Дагъистан Республикаялъул маданиялъул мустахIикъав хIалтIухъан, Бакълъул районалъул маданиялъул ва библиотекабазулаб хъулухъ гьабиялъул управлениялъул нухмалъулесул заместитель Набигула АхIмадибировасул «Умумузул нухдасан» абураб документалияб фильм бихьизабуна «Бакълъулазул бахIарзал» абураб фестивалалда.**

Фильмалда бицунеб буго спецоперациялъул мухъалда ХIажимурад Хъазанбиевас, Абубакар ИсламгIалиевас ва цогидал рагъухъабаз бихьизабураб къохIехьеялъул мисалалъул, гьунаралъул ва бихьинчилъиялъул.

Данделъиялда гIахьаллъаразе кIочонареб асар гьабуна документалияб фильмалъ.






Бакълъул ракьалъул нухмалъулев Гьалип Гьалиповас баркала загьир гьабуна Набигула АхIмадибировасе фильм хIадур гьабуралъухъ, гьарана щулияб сахлъигун халатаб гIумру ва сундулъго битIккей. Муниципалитеталъун бетIерасул рагIабазда рекъон, АхIмадибировасул фильмаз щибаб тадбир берцин гьабула.

«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи

## Росабазул цебетIей

(Байбихьи- тIоцебесеб гьум.)

Араб анкьалъ бакълъулазул бетIер дандчIвана ЦIунди-Щабдухъ росдал вакилзабигунги. Гьеб поселениялъул бетIер МухIамад Юсуповас, администрациялъул ракьулгун буголъиялъул гьоркьоблъабазул идараялъул нухмалъулев Умалат МухIамаднабиевас, поселениялъул хIаракатчагIаз ва цогидаз гIахьаллъи гьабуна дандеруссиналда.

Росдал генплан тасдикъ гьабиялъул, гIорхъабазда хурхарал, ракьал хIалтIизариялъул, ЦIунди росу цебетIезабиялъул ва цогидал суалазул халгьабуна тадбиралъул гIахьалчагIаз.

Муниципалитеталъул росабазул вакилзабазулгун дандчIваязда районалъул бетIерас баян гьабуна поселениял церетIеялъул суалал аслияздаса цояб букIин.

«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

## «ХъахIаб рас»

### РакIалъ цIакъ яхI гьабун дун вугониги, яхI-къо реххун тана къванщил расаца

**ТIад Инхо росдал гьоркьохъеб школалъул 11-абилеб классалъул цIалдохъан ПатIимат Мансуровалъ Инхоса ГIали-ХIажил «ХъахIаб рас» абураб машгъураб философияб асар цIалана.**




Видео бахъун буго «Гумбет» медиагруппаялъул минаялда жаниб. Видео хIадур гьабуна Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан, Гумбет районалъул культураялъул ва библиотекабазул хъулухъалъул управлениялъул нухмалъулесул заместитель Набигула АхIдибировас.

2025-абилеб сон Бакълъул ракьалда рагIинабун буго цIар рагIарав гIалимчи, классик, авар адабияталъе кьучI лъуразул цояв, насихIатчи Инхоса ГIали-ХIажил сонлъун. ТIубараб соналъ тIоритIизе руго гьев кIодо гьарурал тадбирал, бицине буго гьунар тIокIав бакълъуласул гIумрудул хIакъалъулъ.

«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи

ХIАРАКАТАЛЪУЛЪ – БАРАКАТ

## Бакълъулазул тIалъиялъе – гьарадирил рахъалдасан баркала

**«Сельсовет «Арадирихский»» АСПялде гьорлъе кколел росабазул вакилзабазулгун букIараб дандчIваялда гьарадирил рахъалдасан Гумбет районалъул бетIер Гьалип Гьалиповасе баркала кьуна СВОялъул ветеран ХIажимурад Хъазанбиевас.**

Бакълъулазул бахIарчияс Баркалаялъул кагъат цIалана ва районалъул нухмалъулесе кьуна.



«Нижеца, гьарадирица, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго нижее гьабураб кумекалъухъ. Ахираб лъабго соналда жаниб дур нухмалъиялда гьоркь тIуразарун руго нилъер росабазе лъим бачин лъикIлъизабиялъул, лъикIаб даражаялъул ток чIезабиялъул, махщел бугеб медицинаялъулаб кумек гьабиялъул, нухал къачIаялъул ва росулъ жанир ругел нухал къачIаялъул, нилъер лъималазе лъай щвеялъе санагIатал шартIал чIезариялъул суалал.

Квербакъана «Сахлъи цIуни» миллияб проекталъул «Модернизация первичного звена здравоохранения РФ» абураб федералияб проект нижер росабалъ гIумруялде бахъинабиялъе, гьабуна фельдшеразул пунктазда капиталияб ремонт, гIумруялде рахъинаруна батIи-батIиял машгъурал программаби. Нижеца ракIракIалъ гьарула дуе щулияб сахлъи, хIалтIулъ бергьенлъаби!» – ян хъван буго Баркалаялъул кагъатида.

«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи

ДОКУМЕНТЫ

## Собрание депутатов сельского поселения «Село Килятль» Гумбетовского района

**Решение № 1**

**от « 29 » декабря 2024 г.** **«Село Килятль»**

**1. Утвердить бюджет АСП «Село Килятль» на 2025 год в размере 2464,3 тыс. рублей, и плановый период на 2026 год в размере 1995,1 тыс. рублей, на 2027 год в размере 2001,4 тыс. рублей.**

**а) Доходы:**

| | 2025 г. | 2026 г. | 2027 г. |
|---|---|---|---|
| Дотация | 2204,2 | 1719,3 | 1719,3 |
| Субвенция | 184,1 | 199,8 | 206,1 |
| Собственные доходы | 76,0 | 76,0 | 76,0 |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 32,0 | 32,0 | 32,0 |
| ЕСХН | | | |
| Земельный налог | 17,0 | 17,0 | 17,0 |
| Имущественный | 27,0 | 27,0 | 27,0 |
| **ИТОГО:** | **2464,3** | **1995,1** | **2001,4** |

**б) Расходы по учреждениям:**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| а) | Аппарат управления | 1773,2 | 1367,3 | 1337,3 |
| б) | МКУК | 464,0 | 408,0 | 408,0 |
| в) | ВУС | 184,1 | 199,8 | 206,1 |
| г) | Ф/К и спорт | 22,0 | 15,0 | 15,0 |
| д) | Молодежная политика | 11,0 | 5,0 | 5,0 |
| ж) | ЖКХ (благоустройство) | 0 | 0 | 35,0 |
| З) | Резервный фонд | 10,0 | 0 | 0 |
| И) | ЖКХ (благоустройство) | 0 | 0 | 35,0 |
| | **ИТОГО:** | **2464,3** | **1995,1** | **2001,4** |

**Председатель Собрания депутатов СП «Село Килятль» С.М. Узаиров**

ДОКУМЕНТЫ

## Собрание депутатов сельского поселения «Сельсовет “Цилитлинский”» Гумбетовского района

**Решение № 14**

**от « 27 » декабря 2024 г.** **«Сельсовет “Цилитлинский”»**

Собрание депутатов постановляет:

Утвердить бюджет сельского поселения «Сельсовет “Цилитлинский”» на 2025 год и на плановый период 2026 и 2027 годов.

**1. Доходная часть.**

Расчетные показатели по доходам к бюджету сельского поселения «Сельсовет “Цилитлинский”» на 2025 год и на плановый период 2026 и 2027 годов.

| Вид доходов | **2025** г. | **2026** г. | **2027**г. |
|---|---|---|---|
| Дотация | 3214,2 | 2507,1 | 2507,1 |
| Налог на доходы физических лиц | 61,0 | 61,0 | 61,0 |
| Налог на имущество физических лиц | 25,0 | 25,0 | 25,0 |
| Земельный налог | 70,0 | 70,0 | 70,0 |
| Единый сельхоз налог | 12,0 | 12,0 | 12,0 |
| Субвенция | 206,7 | 224,0 | 232,9 |
| **ВСЕГО:** | **3588,9** | **2899,1** | **2908,0** |

**2. Расходная часть.**

Распределение расходов бюджета сельского поселения «Сельсовет “Цилитлинский”» на 2025 год и на плановый период 2026 и 2027 годов.

| Вид расходов | **2025 г.** | **2026 г.** | **2027**г. |
|---|---|---|---|
| Аппарат управления | 2121,0 | 1802,0 | 1848,0 |
| Учреждения культуры | 946,0 | 746,0 | 722,0 |
| ВУС | 206,7 | 224,0 | 232,9 |
| ЖКХ (Благоустройство) | 225,2 | 67,1 | 55,1 |
| Молодежная политика | 30,0 | 15,0 | 10,0 |
| ФК и спорт | 30,0 | 15,0 | 10,0 |
| Резервный фонд | 30,0 | 30,0 | 30,0 |
| ВСЕГО: | **3588,9** | **2899,1** | **2908,0** |

**Председатель Собрания депутатов СП «Сельсовет “Цилитлинский”» Г.С. Газгереев**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## Нововведения в миграционной сфере: усиление контроля и ответственность

**С 5 февраля 2025 года в силу вступили нововведения, направленные на усиление контроля в миграционной сфере.**

Они касаются как иностранных граждан, так и россиян. Введена административная ответственность за нарушение правил въезда в Российскую Федерацию или выезда из нее при прохождении пограничного контроля. За совершение данного правонарушения на гражданина будет наложен административный штраф в размере от 2 до 5 тысяч рублей; на должностных лиц — от 30 до 50 тысяч рублей; на юридических лиц — от 400 до 800 тысяч рублей.



Оказание услуг лицам, включенным в реестр контролируемых лиц, считается административным правонарушением. Размер штрафа составляет для граждан от 2 до 5 тысяч рублей, для должностных лиц — от 35 до 50 тысяч рублей, для компаний — от 400 до 500 тысяч рублей. Полиция получила полномочия на принятие решений об административном выдворении иностранных граждан за пределы страны.

**ОМВД РФ по Гумбетовскому району**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

**Аттестат о среднем общем образовании № 00518001213199, выданный МКОУ «Аргванинская средняя общеобразовательная школа» Гумбетовского района на имя Магомеда Халилулаева от 01 июля 2017 года, считать недействительным в связи с утерей.**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

**Аттестат о среднем общем образовании № 00518001326139, выданный МКОУ «СОШ № 8 г. Кизилюрта» на имя Лабазана Магомедова от 25 июня 2018 года, считать недействительным в связи с утерей.**

# Основные правила пожарной безопасности при использовании гаджетов

**Пожар – это почти всегда результат нашей небрежности и незнания основ пожарной безопасности. Чтобы не стать жертвой огня, соблюдайте простые правила:**

1. По окончанию зарядки устройства не оставляйте блок зарядного устройства в розетке.

2. Не оставляйте телефоны, планшеты, гироскутеры, электросамокаты, зарядные устройства, смарт-устройства заряжаться на всю ночь, либо без контроля, это может привести к перегреву устройства и пожару.

3. Используйте только оригинальные зарядные устройства и батареи питания телефонов, планшетов.

4. Если батарея питания устройства изменила форму, деформировалась, то необходимо прекратить её использование.

5. Не оставляйте телефоны, планшеты, зарядные устройства, смарт-устройства под прямыми лучами солнца – это может привести к их перегреву и возможному воспламенению.

6. Не кладите телефоны и планшеты под подушку, одеяло – это приводит к перегреву и возможному воспламенению.

7. Не рекомендуется разговаривать по телефону и играть во время его зарядки – это привет к перегреву устройства и возможному воспламенению.

8. При попадании влаги в электроприборы пользуйтесь ими только после сервисного или профессионального обслуживания.

Помните: пожар легче предупредить, чем потушить, поэтому всегда соблюдайте правила пожарной безопасности сами и требуйте их соблюдения от других.

**Инструктор по пожарной профилактике ПЧ №45 с. Мехельта ГКУ РД «ППС РД» А.У.Шапиев**

# Вопросы о причинах задолженности за газ можно задать дистанционно

**Учитывая интересы потребителей газа, в ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» организованы дистанционные сервисы взаимодействия с потребителями газа и участниками программы газификации.**

Для всех жителей республики, имеющих вопросы о газе организована бесплатная многоканальная телефонная линия, где абоненты получают консультации специалистов.

В «Контакт центр» можно задать по вопросы по оплате за газ, узнать о сумме и причинах задолженности, узнать о действующих тарифах на газ, а также уточнить дату поверки счетчика и порядок проведения поверки.

Позвонив в «Контакт центр» по номеру 8-800-200-98-04 в рабочее время (с 9 до 18 ч.) можно также сообщить о качестве обслуживания сотрудниками газовой компании.

Для удобства жителей Дагестана – потребителей газа на официальном сайте ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» www.mkala-mrg.ru работает «Личный кабинет абонента», который предоставляет возможность абоненту в режиме он-лайн посмотреть информацию по своему лицевому счёту, передать показания прибора учёта газа и произвести платежи за газ не выходя из дома, не посещая кассы и абонентскую службу. Для смартфонов доступны мобильные приложения «Газ Онлайн» и «Мой Газ», с помощью которых также можно произвести оплату за газ в любое удобное время, просмотреть историю платежей и передать показания счётчика.

ГАЗПРОМ МЕЖРЕГИОНГАЗ МАХАЧКАЛА



контакт центр

8-800-200-98-04

Многие дагестанцы уже оценили преимущества данных сервисов и не посещают кассы поставщика газа, существенно экономия время и не нарушая платежную дисциплину.

**ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала»**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# «Финансовые пирамиды»

**Согласно информации Центрального Банка РФ о рисках распространения деятельности Интернет-проекта Pegasus Ride LTD (PRL) с признаками финансовой пирамиды, данный проект стремительно набирает обороты и уже представлен в Республике Дагестан.**

Установлено, что проект привлекает денежные средства граждан под видом продвижения экологического вида путешествий на велосипедах собственного производства, которые предоставляются в долгосрочную и краткосрочную аренду «в более чем 100 странах по всему миру». Так, Pegasus Ride LTD (PRL) предлагает заработок на «лизинговом субарендном использовании активированных велосипедов». Участникам необходимо 1 раз в день запускать приложение для сдачи в аренду своего оборудования (велосипедов). Срок инвестирования – один год, по истечении которого возможно вернуть 50% вложенных средств или инвестировать повторно. Заработок зависит от личного вклада партнера в компанию, а также от продвижения «по карьерной лестнице».

Вложение инвестиций в Pegasus Ride LTD (PRL) осуществляется с помощью криптовалюты. Доход от вложений начисляется также на личный криптокошелек партнера.

Организаторы проекта и вовлекаемые ими участники проводят активное размещение наружной рекламы в различных регионах, круг которых постоянно расширяется.

Посредством различных Интернет-сервисов организаторы и участники проекта публикуют анонсы и отчеты о проведенных мероприятиях (вечеринки, встречи партнеров, благотворительные акции), призванные создать образ успешного проекта с социальной направленностью.

Особую обеспокоенность вызывает способ продвижения деятельности проекта через организацию благотворительных акций, которые проводятся в реабилитационных центрах для детей, детских садах, интернатах для пожилых людей. На указанных мероприятиях распространяются раздаточные (рекламные) материалы, побуждающие к вовлечению в проект социально незащищённых групп населения.

Финансовые пирамиды появились не сегодня, поэтому многие граждане знают о рисках и последствиях вложения в них денег. Тем не менее, несмотря на это, такие организации по-прежнему стремятся любой ценой привлечь средства населения. При этом граждане не всегда обладают достаточными правовыми и финансовыми знаниями, вкладывают деньги, доверяя убедительным, но сомнительным с точки зрения закона, обещаниям получить крупную и скорую прибыль. В результате, гражданин не только не получает то, на что рассчитывал, но и вовсе лишается своих сбережений.

Финансовая пирамида – это организация, предлагающая внести денежные средства под необоснованно высокий процент прибыли, при этом гарантирующая быстрый заработок. Таким образом, прибыль организации формируется за счет постоянных новых поступлений финансов граждан при отсутствии реальной деятельности.

Гарантированно не остается в убытке только создатель финансовой пирамиды. Большинство граждан не только не получают прибыль, но и лишаются собственных вложенных в нее средств.

Если вы уже передали деньги в организацию, обладающую признаками финансовой пирамиды, обратитесь за их возвратом. В случае отказа необходимо направить соответствующее письменное требование. Если и тогда денежные средства вам не вернут, то следует обращаться в правоохранительные органы, Центробанк России, суд.

Также сообщаю, что сведения о проекте 13.09.2024 включены Банком России в «Список компаний с выявленными признаками нелегальной деятельности на финансовом рынке» с признаками финансовой пирамиды.

Уважаемые жители района, будьте внимательны и осмотрительны, принимая решения о вложении денежных средств.

**Прокурор Гумбетовского района советник юстиции Ю.М. Алиев**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# В Гумбете проходит ОПМ «Нелегал - 2025»

**Уважаемые жители Гумбетовского района.**

**В период с 10 по 20 февраля 2025 г. на территории района проводится оперативно-профилактическое мероприятие под названием «Нелегал - 2025».**

Целью мероприятия является выявление и пресечение каналов незаконной миграции граждан третьих по отношению к государствам – членам ОДКБ стран, документирование и пресечение деятельности лидеров и участников организованных групп и преступных сообществ, имеющих международные и межрегиональные связи, причастных к организации незаконной миграции иных нарушений миграционного законодательства, а также предотвращение преступлений террористического и экстремистского характера со стороны иностранных граждан и лиц без гражданства. Незаконному обороту оружия, боеприпасов, наркотических средств, торговле людьми

В связи с изложенным, отдел МВД России по Гумбетовскому району убедительно просит жителей района обо всех известных вам случаях использования в трудовой деятельности услуг иностранных работников, а также необоснованного (незаконного) нахождения на территории Гумбетовского района иностранных граждан, подозрительных лиц, сообщать по телефону: 8 (8722) 99-69-12 или 8 999 418-85-10 - сообщает ОМВД России по Гумбетовскому району.

**Врио начальника ОМВД РФ по Гумбетовскому району подполковник полиции М.А. Адилгереев**

БетIерав редактор: ХIамзат МухIамадович ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.